

# Repons ak Dekouvèt Anreta

Reprezante  
Tèt ou nan  
yon  
Degèpisman

## Èske w te rate dat limit la pou depoze Repons ou ?

Itilize Mosyon pou Pèmèt yon Repons ak Dekouvèt Anreta sa a pou mande tribunal la pou aksepte fòmilè Repons ak Dekouvèt la anreta. Livre sa a pral eslike w kòman pou w fin ranpli fòmilè a.

Anvan ou depoze yon **Mosyon pou Pèmèt yon Repons ak Dekouvèt Anreta**, ranpli fòmilè **Repons ak Dekouvèt** yo. Itilize fòmilè sa yo :

- **Livre 3 : Repons lan**  
Eslike bay tribunal la poukisa ou pa ta sipoze pèdi kay ou  
[MassLegalHelp.org/housing/l1-booklet-3-answer-haitian-creole.pdf](https://MassLegalHelp.org/housing/l1-booklet-3-answer-haitian-creole.pdf)
  
- **Livre 4 : Dekouvèt**  
Mande pwopriyetè a kèk enfòmasyon ki pral pèmèt ou prepare tèt ou pou pwosè w la  
[MassLegalHelp.org/housing/l1-booklet-4-discovery-haitian-creole.pdf](https://MassLegalHelp.org/housing/l1-booklet-4-discovery-haitian-creole.pdf)

Oubyen itilize fòmilè Repons ak Dekouvèt anlyi yo ki gratis : [GBLS.org/MADE](https://GBLS.org/MADE)

# **Kòman pou w ranpli fòmilè sa a**

---

Lèt ak chif yo nan direksyon sa a akòde ak sa ki sou fòmilè a.

## **Antèt Tribunal la**

- a. Ekri non konte w la.
- b. Kopye non pwopriyetè ou a ki nan fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan.
- c. Kopye non ou jan li ye nan fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan. Ekri non ou menm jan li afiche sou fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan, menm si li pa korèk. Ou ka mande tribunal la pou ranje nenpòt erè ki genyen apre.
- d. Kopye non tribal la jan li ekri sou fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan.
- e. Ekri Nimewo Dosye a si w konnen li. Nimewo Dosye a se nimewo a ke tribal la bay pwosè w la. Li gen dwa nan kwen adwat siperyè fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan oswa sou nenpòt avi ou jwenn nan men tribal la. Ou ka mande grefye tribal la pou nimewo dosye a.

## **Seksyon Mosyon an**

1. Si w pa t konnen ou te sipoze depoze yon Repons, tyeke bwat yo anba 1.
2. Si w ap atache Repons ou ak Mosyon sa a, ou sèlman oblige tyeke bwat ki anba 2 a. Li vreman pi bon pou w depoze Repons ou avèk fòmilè sa a.  
Si w p ap atache Repons ou, ekri "defans ak demann rekouvansyonèl" ke w konte enimere nan Repons ou. Revize Repons lan pou w aprann plis konsènan defans ak demann rekouvansyonèl posib yo.
3. Si w ap atache demann Dekouvèt ou, tyeke bwat ki anba 3 a.

## **Avi Pwosè a**

Rele grefye tribal la pou mande ki premye dat yon jij ka tandé mosyon ou. Nimewo telefòn tribal la nan kwen anlè agòch Demann pou Parèt ak Plent ou an. Ekri dat tribal la pral tandé mosyon ou nan seksyon mosyon ou a ki rele Avi Pwosè a.

## **Sètifikasi Sèvis**

Fòk ou ta bay pwopriyetè ou oswa avoka li a yon kòpi de tout dokiman ou depoze avèk tribal la. Sètifikasi Sèvis la di tribal la kòman epi kilè ou te remèt Mosyon pou Pèmèt yon Repons ak yon Dekouvèt Anreta a bay pwopriyetè ou a oswa avoka li a.

Kwoche bwat ki di "livre", "anvwaye pa imèl" oswa "anvwaye pa lapòs" epi ekri dat ou te fè sa a. Fòk ou ta remèt yon kòpi mosyon an bay pwopriyetè ou oswa avoka li a **omwen 7 jou anvan dat pwosè a**.

Siyen non konplè w epi ekri adrès domisil ou, adrès imèl ou ak nimewo telefòn ou.

## **Remèt mosyon ou**

Fè 2 kòpi fòmilè **Mosyon pou Pèmèt yon Repons Anreta** ak fòmilè Repons ak Dekouvèt ou yo, si w ap depoze fòmilè sa yo tou. **Pa enkli enstriksyon fòmilè yo nan dokiman sa yo.**

Depoze fòmilè **orijinèl** yo avèk tribinal la. **Rele grefye a anvan w depoze fòmilè a epi mande yo ki pi bon fason pou fè depo a.** Ou kapab :

- Livre l nan biwo grefye a fizikman. Si w livre l alamen nan tribinal la, mande tribinal la pou mete tenb dat la sou kòpi pa w la pou w ka gen prèv ke w te depoze l alè.
- Voye l bay tribinal la elektwonikman. Itilize sistèm depo vityèl tribinal la oswa rele yo epi mande tribinal la si w ka voye yon imèl ba yo. **Sa a se pi bon fason an si w ka fè 1 !**
- Voye l pa lapòs, **men sèlman si w pa ka remèt li an pèsòn oswa pa imèl.** Lapòs la pran tan epi l pa fyab.

Remèt yon **kòpi** fòmilè ou yo bay avoka pwopriyetè ou oswa pwopriyetè ou. Gade bò dwat fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan. Si gen yon nimewo sou liy "BBO#" ou a, pwopriyetè ou a gen yon avoka. Pou livre yon kòpi, ou ka :

- Livre l alamen oswa voye l pa imèl bay avoka pwopriyetè ou. Adrès imèl avoka a afiche anba fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan. Si pwopriyetè ou pa gen yon avoka ou pral bezwen yon akò alekri nan men pwopriyetè ou ki di ke yo aksepte pou resevwa mosyon ou pa imèl. **Li enpòtan pou remèt fòmilè sa a alamen oswa voye 1 pa imèl,** paske lapòs la gen dwa pran twòp tan.
- **Konsève yon kòpi** pou tèt pa w. Gade l nan yon espas ki sekirize epi pòte l avè w lè w ale nan tribinal la.

## **Enstriksyon pou itilizatè fòmilè ki tradwi yo**

---

Ranpli fòmilè sa a epi apre sa kopye enfòmasyon ou yo nan fòmilè anglè a nan paj 7.

Remèt fòmilè ki ann anglè sèlman bay tribinal la ansanm ak pwopriyetè ou oswa avoka li a.

Kenbe fòmilè Kreyòl ayisyen lan ak yon kòpi fòmilè anglè a pou dosye ou.

### **Ou gen dwa ak yon entèprèt gratis**

Anvan ou ale nan randevou tribinal ou, rele tribinal la epi mande pou biwo Grefye Tribinal la.

Si w pa ka jwenn nimewo telefòn tribinal la sou dokiman tribinal ou genyen an, chache li anliy.  
Itilize Zouti pou Lokalize yon Tribinal ki nan [mass.gov/courthouse-locator](http://mass.gov/courthouse-locator).

Di grefye a ke w bezwen yon entèprèt.

Si w ale nan tribinal la an pèsòn, ou ka montre kat sa a bay grefye tribinal la:  
[masslegalhelp.org/language-rights/free-interpreter-en-ht.pdf](http://masslegalhelp.org/language-rights/free-interpreter-en-ht.pdf)

### **Tribinal yo angaje pou yo sèvi moun ki pale tout lang**

Tout tribinal ki nan eta Massachusetts ta dwe ba w yon entèprèt si w bezwen youn.

Si w pa ka jwenn èd ke w bezwen nan men yon pèsonèl tribinal la oswa yon entèprèt, ou ka depoze yon plent anliy: [macourtsystem.formstack.com/forms/language\\_access\\_complaint](http://macourtsystem.formstack.com/forms/language_access_complaint)

(Souple tape oswa ekri alamen)

**ETA MASSACHUSETTS  
TRIBINAL PWOSÈ**

a. \_\_\_\_\_, ss

d. \_\_\_\_\_  
Non Tribinal la

b. \_\_\_\_\_,  
Plenyan (yo) - Pwopriyetè (yo)

e. \_\_\_\_\_

Nimewo Dosye a

vs.

**MOSYON POU PÈMÈT  
YON REPONS ANRETA  
AK YON DEKOUVÈT ANRETA**

c. \_\_\_\_\_

Defandè (yo) - Lokatè (yo)

Kounyeya se Defandè a ki pou pwopoze pou Tribinal la pèmèt Defandè a depoze yon Pwosesis Rezime pou Repons ak Dekouvèt la. Pou sipòte sa a, Defandè a deklare :

1. Defandè a pa t gen reprezantasyon yon avoka nan dat limit pou remèt Repons lan.
- Defandè a pa t okouran de dwa jiridik li yo konsènan egzijans pou reponn ak plent degèpisman pwopriyetè a epi pou mande plis enfòmasyon pou ede l prepare pou pwosè a.
2. Defandè a gen defans kont aksyon sa a ki gen merit.
- Repons pwopoze Defandè a atache. (Kwoche bwat sa a si w te atache Repons ou.)  
Mwen gen defans sa yo : (Ekri rezon ki montre poukisa ou ta dwe genyen pwosè degèpisman an)  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Defandè a ap mande yon Dekouvèt tou.
- Dekouvèt pwopose Defandè a atache. (Kwoche bwat sa a si w te atache Dekouvèt ou a).
4. Si yo akòde mosyon sa a, sa p ap kreye okenn prejije grav pou Plenyan an. Lokatè yo gen dwa depoze repsons ki anreta ki gen defans ak demann rekolvansyonèl afimatif ladan yo jiskaske pwosè a kòmanse. Morse v. Ortiz-Vazquez, 9 Mass. App. Ct. 474 (2021).

SE POUTÈT SA, Defandè a mande pou Tribinal sa a akòde demann sa a ki se Mosyon pou Pèmèt yon Repons ak Dekouvèt ki Anreta kòmsi yo te Depoze Alè, pou yo aksepte depo Repons ak Dekouvèt Defandè a, epi pou yo kontinye ak dosye sa a pandan de (2) semèn pou pèmèt Defandè a pou prepare defans ak reklamasyon li yo.

### Avi Pwosè a

Mosyon sa a pou Pèmèt yon Repons ak yon Dekouvèt Anreta kòmsi yo te Depoze Alè ki fikse pou yon pwosè nan dat (dat pwosè orijinèl la oswa yon lòt dat ki fikse pa tribinal la) \_\_\_\_\_(dat).

### Sètifikasi Sèvis

Mwen  te remèt,  te voye pa imèl osa  pa lapòs (*kwoche sa ki korèk la*) yon kòpi Mosyon sa a bay pwopriyetè mwen an oswa avoka li a nan \_\_\_\_\_(dat).

---

Siyati w

---

Non ou (*alekri*)

---

Adrès imèl ou

---

Adrès

---

Vil

---

Eta

---

Kòd postal

---

Nimewo telefòn

*(Please type or print)*  
**COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS  
TRIAL COURT**

a. \_\_\_\_\_, ss

d. \_\_\_\_\_

Name of Court

b. \_\_\_\_\_,  
Plaintiff(s)- Landlord(s)

e. \_\_\_\_\_  
Docket Number

vs.

c. \_\_\_\_\_,  
Defendant(s)- Tenant(s)

**MOTION TO ALLOW  
LATE ANSWER  
AND DISCOVERY**

Now comes the Defendant and moves that this Court allow the Defendant to file a Summary Process Answer and Discovery. In support thereof, the Defendant states:

1. Defendant was unrepresented by counsel on their Answer deadline.
  - Defendant was unaware of their legal rights with respect to responding to the landlord's eviction complaint and requesting information to prepare the case.

2. The Defendant has meritorious defenses to this action.

- The Defendant's proposed Answer is attached. (Check if you attached your Answer.)

I have the following defenses: (List the reasons you should win the eviction)

---

---

---

---

3. The Defendant is also seeking Discovery.

- The Defendant's proposed Discovery is attached. (Check if you attached your Discovery).

4. Granting this motion will cause no undue prejudice to the Plaintiff. Tenants are permitted to file late answers containing affirmative defenses and counterclaims up to the start of trial. Morse v. Ortiz-Vazquez, 9 Mass. App. Ct. 474 (2021).

WHEREFORE, the Defendant requests that this Court grant this Motion to Allow Late Answer and Discovery as if Timely Filed, accept the filing of Defendant's Answer and Discovery, and continue this matter for two weeks to allow the Defendant to prepare his or her defenses and claims.

**Notice of Hearing**

This Motion to Allow Late Answer and Discovery as if Timely Filed is scheduled for a hearing on (the original trial date or other date scheduled by the court) \_\_\_\_\_ (*date*).

**Certificate of Service**

I  delivered,  emailed, or  mailed (*check which one applies*) a copy of this Motion to my landlord or their lawyer on \_\_\_\_\_ (*date*).

---

Your Signature

---

Your name (*print*)

---

Your email address

---

Address

---

City

---

State

---

Zip

---

Telephone number